



Prensip Èd Finansye Capital Health
Rezime Nan Langaj Senp

Prensip/Pwogram Èd Finansye Capital Health (FAP) egziste pou ede pasyan ki kalifye yo jwenn sèvis swen sante nan Capital Health ak yon rabè sou yon pati oswa tout sèvis yo. Pasyan k ap chèche Èd Finansye yo dwe aplike pou pwogram nan, epi n ap bay yon rezime nan dokiman sa a.

Sèvis ki Kalifye – Sèvis swen sante Capital Health bay epi Capital Health voye bòdwo pou yo. FAP a se sèlman pou sèvis Capital Health te voye bòdwo pou yo. Lòt sèvis ou resevwa bòdwo separe nan men lòt pwofesyonèl swen sante, tankou doktè ak laboratwa, pa kalifye pou FAP a.

Pasyan ki Kalifye – Pasyan k ap resevwa sèvis ki kalifye, epi ki soumèt yon Aplikasyon pou Èd Finansye konplè (epi mete dokiman/enfòmasyon ki apwopriye), epi Capital Health detèmine yo kalifye pou Èd Finansye.

Jan pou Aplike – Men kijan ou kapab jwenn/ranpli/soumèt yon demann pou FAP ak Fòm Aplikasyon pou li a:

1. Pase pran li nan biwo prensipal Enskripsyon Pasyan Ekstèn Capital Health la, oswa nan Biwo Kesye a.
2. Mande pou voye dokiman yo ba ou pa lapòs. Pou fè sa rele Depatman Kont Pasyan Capital Health la nan nimewo 609-394-6023.
3. Mande dokiman yo pa lapòs/oswa vizite an pèsòn: Biwo Kesye Capital Health la ki nan lòbi prensipal Capital Health Regional Medical Center nan adrès 750 Brunswick Avenue, Trenton, NJ 08638 oswa nan etaj prensipal Capital Health Medical Center – Hopewell nan adrès One Capital Way, Pennington, NJ 08534. (Prensip Èd Finansye Capital Health la disponib tou depi ou mande li pa lapòs, an pèsòn, nan nenpòt nan lopital yo.)
4. Telechaje dokiman yo sou sitwèb Capital Health la ki se: <https://www.capitalhealth.org>
5. Voye aplikasyon ou fin ranpli a (ak tout dokiman/enfòmasyon yo mande nan enstriksyon aplikasyon an) bay: Capital Health's Patient Accounts Department, 750 Brunswick Avenue, Trenton, NJ 08638; oswa pote li nan nenpòt nan adrès yo ki nan lis #3 ki anwo a.

Pou Detèmine Yon Pasyan Kalifye Pou Èd Finansye – Anjeneral, nou detèmine Moun ki Kalifye yo kalifye pou Èd Finansye, ak yon plan ki baze sou kantite lajan moun nan ap fè ak kantite moun ki nan fanmi li, lè Revni Fanmi yo sou 200% Gid Povrete Federal [Federal Poverty Guidelines (FPG)] Gouvènman Federal la oswa li pi ba. Kalifikasyon Pou Èd Finansye vle n ap garanti tout oswa yon pati nan swen Moun ki Kalifye a, epi yo p ap voye yon bòdwo ba li ki plis pase "Kantite Yo Faktire Anjeneral" (AGB) bay moun ki pa gen asirans (AGC, jan li defini nan Seksyon 501 (r) IRC Sèvis Revni Entèn nan). Nivo Èd Finansye, ki baze sèlman sou Revni Fanmi ak FPG, se:

- Revni Fanmi ki sou 0 a 200% FPG a
Èd Finansye Konplè; Yo ka mande pasyan an peye \$0.
- Revni Fanmi ki sou 200 a 300% FPG a
Èd Finansye Pasyèl; Maksimòm yo ka mande pasyan an peye se AGB.

Remak: Nou konsidere lòt kritè anpil FPG tou (tankou kantite lajan kach moun nan genyen disponib oswa lòt byen li te kapab chanje an lajan kach, ak lajan anplis li genyen chak mwa parapò ak depans li gen pou fè nan kay la chak mwa), ki kapab fè yon eksepsyon nan sa nou te di pi wo a. Si moun nan pa bay Revni Fanmi li, I ap bezwen bay enfòmasyon pou konnen kijan li fè pou viv chak jou. Depatman Kont Pasyan Capital Health la revize aplikasyon moun soumèt ki konplè, epi li detèmine Kalifikasyon Pou Èd Finansye selon Prensip Èd Finansye Capital Health la. Nou p ap konsidere aplikasyon ki pa konplè, men n ap fè aplikan yo konn sa epi bay yo yon opòtinite pou ba nou dokiman/enfòmasyon ki manke yo.

Anplis, Capital Health tradui FAP, fòm aplikasyon FAP ak rezime FAP li nan langaj senp la nan lòt lang kote lang prensipal rezidan kominate Capital Health sèvis a reprezante 5 poustan oswa 1,000; sa ki pi piti a; popilasyon moun ki gen anpil chans pou itilize Capital Health. W ap jwenn vèsyon ki tradui yo depi ou mande an pèsòn nan adrès ki pi ba a ak sou sitwèb Capital Health.

Pou èd, asistans oswa kesyon tanpri rele: Depatman Kont Pasyan Capital Health nan nimewo 609-394-6023; Vizite an Pèsòn, vin nan Biwo Kesye Capital Health la ki nan lòbi prensipal Capital Health Regional Medical Center nan adrès 750 Brunswick Avenue, Trenton, NJ 08638 jou lendi jiska vandredi kòmanse a inè edmi apremidi jiska oswa katrè edmi (1:30PM jiska 4:30PM) oswa nan etaj prensipal Capital Health Medical Center – Hopewell nan adrès One Capital Way, Pennington, NJ 08534, jou lendi jiska vandredi kòmanse 8 tè dimaten jiska midi (8:00AM jiska 12:00PM).